ndax xam ngeen lan la séen Boroom wax ?» Ñu ne ko: Yàlla a xam ak ub Yónenteem, mu ne leen: Yàlla dafa wax ne: «am na ci sama jaam ñi ñu xëy gëm ma am ñu weddi

Jële na ñu ci Sayd Ibn Xaalid Al-Juhanii -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dañoo jiite jullig suba ca Hudaybiya ginnaaw ba mu tawee ca guddi ga, ba mu noppee mu jàkkaarloo ak nit ñi, ne leen: «ndax xam ngeen lan la séen Boroom wax ?» Ñu ne ko: Yàlla a xam ak ub Yónenteem, mu ne leen: Yàlla dafa wax ne: «am na ci sama jaam ñi ñu xëy gëm ma am ñu weddi, ku wax ne: taw bi wàcc na fi nun ci ngënéelu Yàlla ak yërmàndeem, kooku gëm na ma, weddi biddiw yi, waaye ku wax: taw bi biddiw bii mbaa bee mootax mu am, kooku weddi na ma, gëm biddiw yi».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa julli jullig suba ca Hudaybiya -ab bérab la bu jege Màkka- ginnaaw ba mu tawee ca guddi googa, Ba mu sëlmalee ca julli ga mu jàkkaarloo ak nit ñi, laaj leen: ndax xam ngeen lan la séen Boroom bu màgg bi wax ? Ñu tontu ko ne ko: Yàlla a xam ak Yónenteem. Mu ne leen: Yàlla mu kawe mi leeral na ne nit ñi dañoo séddalikoo ci wàccug taw bi ñaari xaaj: xaaj bu gëm Yàlla mu kawe mi, ak xaaj bu weddi Yàlla mu kawe mi; Ku wax ne: taw bi wàcc na fi nun nu ci ngënéelu Yàlla ak yërmàndeem, mu askanele Yàlla mu kawe mi wàccug taw bi, kooku gëm na Yàlla miy Aji-Bind di Aji-Soppaxndiku ci àdduna bi, waaye weddi na biddiw yi. Waaye ku wax ne: taw bi dafa wàcc ngir biddiw bii ak bee; kooku weddi na Yàlla, gëm biddiw yi, loolu kéefar gu ndaw la ndax li mu askanale wàccug taw bi biddiw yi; te Yàlla defu ko sabab ci Sariiha mbaa ci ndogal yi. Ki askanale wàccug taw bi mbaa yeneen i xew-xew ci suuf yëngatug biddiw yi ak séenug penkte ak séenug wàcci ngir fas ne biddiw yi mooy def loolu ca dëgg-dëgg, kooku daa weddi weddi gu mag (day génne ci diine ji)


النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY


لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC
E-Da'wah Committee